Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 10 (6590) 26 февраль 2018 с. Итни Жумадул ахир 1439 с. Багьа 5 гъур.



ХАЛКЪАЛЪУЛ УРГЪАЛИДА

## Хъутабазда лъалъадиялъул рахъал къачIай, пиринчI гIезабиялде хIадурлъи

### Росдал магIишат цебетIезабиялъул суалалъул халгьабуна Гумбет районалда

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул заместитель Рамазан АхIмаднабиевасул нухмалъиялда, 19 февралалда тIобитIана районалъул активалъул щибаб анкьилаб данделъи.**



Тадбиралда гIахьаллъана учреждениязул ва гIуцIабазул нухмалъулел, федералиял, республикаялъулал ва муниципалиял идарабазул вакилзаби.

«Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул экономикаялъул, росдал магIишаталъул, буголъиялъул гьоркьорлъабазул ва ЖКХялъул отделалъул нухмалъулесул заместитель Ибрагьим Ибрагьимовас бицана росдал магIишаталда бугеб хIал.

«МахIачхъалаялда тIобитIана ихдал лъалъадиялде хIадурлъиялъул хIакъалъулъ суалгун данделъи. Гьенир гIахьаллъана «Минмедиоводхоз РД» ФГБУялъул специалистал. Гьеб идараялъулгун къотIи-къай гьабуна имам Шамилил цIаралда бугеб СПКялъул лъалъадизе лъим бачIунеб канал ва «ЦIунди-Щабдухъ» СПКялъул лъалъадиялъул рахъал жаниса рацIцIиналъе. Гьединго «Данухъ» СПКялъул хъутаналдаги пиринчI ва цогидалги культураби гIезариялъе хIалтIаби гьаризе руго. Игьали росдал ахихъабазул хIажалъабазе ГIандигIорул лъим кьабизе насосалъул станция биччазе буго хIалтIизе», - ян абуна Ибрагьим Ибрагьимовас.

Данделъиялда рорхана лъайкьеялъул, ЖКХялъул, нухазул магIишаталъул, социалиял, гIолилазул политикаялъул, экономикияб цебетIеялъул ва спорталъул суалал.

Данделъиялъул хIасилал гьарулаго, районалъул бетIерасул заместитель Рамазан АхIмаднабиевас киналго ахIана, гIадамазе тIадегIанаб хъулухъ гьабиялъе, щибаб гIуцIиялъул хIалтIудаса граждинал разилъиледухъ, гъуждул гу-рун хIалтIизе.

Щибаб гьоркьоб лъураб суалалда хурхун кьуна дандрекъон кколел тIадкъаялги.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

## Гьарадирил гьариги районалъул бетIерас кьураб рагIи тIубазабиги

### Бакълъул районалъул ТIаса Гьарадирихъ рагьизе буго эркенаб гугариялъул секция

**15 февралалда, районалъул бетIерасул заместитель Рамазан АхIмаднабиевасул нухмалъиялда, ТIаса Гьарадирихъ росулъе хIалтIулаб сапаралъ ана спортивиял ва цогидалги идарабазул вакилзаби.**

ХIалтIулаб сапаралъ районалъул бетIерасул заместителасда цадахъ рукIана районалъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулесул заместитель НурухIма МухIамадов, ЧIиркъатIа ДЮСШялъул нухмалъулев ГIабдулмажид Шихшалаев, Игьали гьоркьохъеб школалъул нухмалъулесул тарбия кьеялъул рахъалъ заместитель ГIиса Шарапудинов, «Гумбет» газеталъул бетIерав редактор ХIамзат ГIизудинов ва цогидалги.

«Сельсовет “Арадирихский”» росдал поселениялъул администрациялда гъорлъе кколел Гъоркьа, Бакьулъ, ТIаса Гьарадирихъ росабалъе щварав «Гумбет» район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасда гьел росабазул гIадамаз гьарун букIана эркенаб гугариялъул зал ва секция рагьиялъе кумек гьабеян. Районалъул бетIерас кьураб рагIи тIубазабуна, ТIаса Гьарадирихъ росулъе эркенаб



гугариялъул залалде ургал рачIана. Унеб буго хIадурлъи эркенаб гугариялъул спортивияб группа рагьиялде.

Районалъул бетIерасул заместитель Рамазан АхIмаднабиевас гьеб объект рагьиялъул ва хIалтIизе биччаялъул хIакъалъулъ бицана:

«Гьарадирихъезул росаби руго ралъдал гьумералдаса 1800 метралъ борхалъуда. Рорхатал мугIрузул шартIазда гIумру гьабулеб буго гьел росабазул гIадамаз. Районалъул бетIер ХIажимурад СайгидмухIамадовичасулгун дандчIваялда нижеца борхун букIана гIолеб гIелалъе эркенаб гугариялъе ругьунлъизе зал хIажат букIиналъул суал. Гьале кватIичIого гьеб рагьизе ва хIалтIизе биччазе букIиналъе нилъ нугIзал руго. Лъимал сахаллъун, физическияб рахъалъ церетIураллъун, ВатIан бокьулеллъун, рухIиябгун лъикIаб гIамал-хасияталъул тарбия щвараллъун куцай буго цебечIараб масъала. Гьаб спортзалги лъугьине ккола гьединал лъимал куцаялъул къебелъилъун», - абун.

Гьарадирил вакилзабаз, харабаз, «Сельсовет “Арадирихский”» росдал поселениялъул бетIер Камил Шапиевас ва цогидазги баркала загьир гьабуна районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасе, районалъул нухмалъулезе, жидер росабалъ социалиябгун экономикияб рахъалъ церетIезариялъул суалал гIумруялде рахъинариялъе гьабулеб бугеб тIалабагъазалъухъ, рахъкквеялъухъ.

ХIалтIулаб сапаралъул заманалда, районалъул бетIерасул заместитель Рамазан АхIмаднабиевас бицана Россиялъул президент вищизе 18 марталда тIоритIизе ругел рищиязде участковиял рищиязул комиссиязда бугеб хIадурлъиялъулги.

**«Гумбет» РИО**

НОМЕРАЛДА РУГО:



**Афгъаналъулал кIодо гьаруна бакълъулазул росабалъ**

-2 гьум.



**ТIокIлъиялъул меседил гIаламат щваразе вузазде лъугьунаго бигьалъаби**

-2 гьум.



**«ТIохмагIарде вуго даим харулев…»**

-3 гьум.



**ЦIа свинабиялъул № 45 идараялъ тIоцебесеб бакI ккуна торгIо хIаялъе**

-3 гьум.

Масала, гIакъилас гIадан теларо,
Тушман вугониги, гIадада хвезе.
Инхоса ГIали-хIажи

№ 10 26 февраль 2018 с.

АНТИТЕРРОР. ДУНЯЛАЛЪЕ – РЕКЪЕЛ

# Терроризмалъе цебехун нух гьечIо

### Гумбет районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас зигара бана, Гъизляралда хваразул гIагарлъиялда

**18 февралалда Гъизляр шагьаралда гIурусазул килисаялда ккана вахIшияб куцалъ гIадамал чIваялъул хIужа. Террористас гьениб гьабуна гIаданлъиялдаса бахъараб, гIасияб чIвадарухъанлъи.**



Кидаго, рагъул заманалдацин, чIужугIаданалде, лъималазде, херазде кверборхи, гьезие зулму гьаби рикIкIунаан нахъегIанаб, вахIшияб, гIаданлъиялдаса бахъараб ишлъун. Дунялалъул цебетIеялъул къиматабщинаби мерхьун, Гъизляралда террористаз, гурхIелрахIму гьечIого, чIвана ракълил гIадамал. ГIакълу бугев чияс агъаз гьечIеб бербалагьи гьабиларо экстремизмалъул ва терроризмалъул гьединал лъугьа-бахьиназде. Дунялалъулго къуватаз, цолъун рагъ базе ккола терроризмалда данде, щай абуни, лъабабилеб дунялалъул рагъ – гьеб ккола терроризмалда дандечIей. ТIолабго дунялалъ къимат кьезе ккола гьев чIвадарухъанас гьабуралъе.

Гьваридаб пашманлъиялъулаб зигара балеб буго хваразул хъизабазда, гIагарлъиялда. Лъукъаразе гьарулеб буго сахлъи. Нужер кIудияб кваранлъи гIахьал гьабизе, нужеда цадаххIадурал руго дунялалъул халкъал. Терроризм цебехун ине гьечIо. Нилъер дунял хвасарлъизе буго лъикIал, вацлъиялъулал ишаз, цоцазде адаб-хатиралъ.

**Гумбет районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов**

НИЛЪ – БАРАБ АХIУЛЪГИ АХIАРАБ БОЛЪГИ

## Афгъаналъулал кIодо гьаруна бакълъулазул росабалъ

### Рагъухъаби-интернационалисталъ ракIалде щвеялъул тадбирал тIоритIана Гумбет районалда

**Гумбет районалда батIибатIиял тадбирал тIоритIана рагъулаб хъулухъ ВатIан тун къватIибехун тIубазабурал гIолилал ракIалде щвеялъул мурадалда ва советиял аскарал Афганистаналдаса нахъе рачун 29 сон тIубаялъул хIурматалда.**




«Интернационалияб налъи» абураб ахIиялда гъоркь Бакъулъ Гьарадирихъ гьоркьохъеб школалда росдал библиотекаялъул нухмалъулев Мухтар МуртазагIалиевас тIобитIана акция.

Гьеб тадбиралде ахIун вукIана Афганистаналъул рагъулал тунка-гIусиязул гIахьалчи БагьавудинМухIамадов. Гьес цIалдохъабазе ва цогидазе бицана Афганистаналда ккарал рагъулал лъугьа-бахьиназул. КIалъазе вахъарав Мухтар МуртазагIалиевас абуна нилъеда кIочене бегьуларин Афганисталда ккараб рагъ, гIумруялъе букIараб хIинкъиялъухъ балагьичIого, гьеб рагъда гIахьаллъарал ва бахIарчилъи бихьизабурал районцоязул цIарал.

ИчичIали росдал маданиябгун хIухьбахъиялъул централдаги тIобитIана рагъухъаби-интернационалистазул хIурматалда тадбир. Гьеб рагьана ва бачана централъул нухмалъулев МухIамад Ханахъаевас. Жигараб гIахьаллъи гьабуна ИчичIали байбихьул школалъул цIалдохъабазги. Афганистаналда 1979-1989 соназ ккараб рагъул тарихалъул, советиял аскараз гьениб гьабураб гIахьаллъиялъул, гьезул бахIарчилъиялъул бицана Ханахъаевас.

Гьединалго тадбирал тIоритIана ТIад Инхо, Килалъ ва цогидалги росабалъ.

**«Гумбет» РИО**

КЬАБУЛЕБ БУГО ЦIУМУР

## Районалъул лъайкьеялъул отделалъул къо – МелъелтIа аслияб школалда

**13 февралалда Сахрат МухIамадовасул цIаралда бугеб МелъелтIа аслияб школалде щвана районалъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIманов, отделалъул специалистал Сурхай Сурхаев, МуртазагIали Валиев, Загьра ГIабдулаева, информационниябгун методикияб централъул нухмалъулев Зайид ХIусенов, методистал ГIабдула МухIамадов, Зарема МухIамадгIалиева, ПатIимат ГIумарахъаева, библиотекарь Мадина Ибрагьимова. Гьез халгьабуна школалъул жидеца тIаде кколеб хIалтIул. Гьабуна бакIалдаго методикияб кумек. Халгьабиялъул хIасил гьоркьоб лъуна мугIалимзабазул данделъиялда ва ратарал гIунгутIаби тIагIинариялъе тадбирал рихьизаруна.**

Школалъул нухмалъулей Зульфия ХIажимурадовалъ, мугIалимзабаз школалда тIобитIараб гьеб тадбир лъикIаблъун ва хадубккунги жидеца гьабулеб хIалтIуе пайдаяблъун рикIкIана.

- Гьединал тадбирал тIоритIизе руго районалъул цогидалги лъайкьеялъул идарабазда, – ян абуна районалъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIмановас.

**ГIайшат Исламбиева**

АВАРАЗУЛ КАЛАМ, ГЬЕЛЪУЛ КАМИЛЛЪИ!

## Школалъул, маданияб централъул, библиотекаялъул цадахъаб тадбир

### Авар мацIалъул къоялъул хIурматалда

**Гумбет районалъул ЛъаратIа гьоркьохъеб школалда авар мацIалъул къоялъул хIурматалда тIобитIараб тадбиралда гIахьаллъи гьабуна росдал маданиял хIалтIухъабазги.**




Тадбир рагьана ЛъаратIа школалъул авар мацIалъул ва адабияталъул мугIалим Мадина ГIабдулгъаниевалъ. Гьелъ гIенеккарал ахIана гIагараб рахьдал мацI бокьизе, гьелъул къимат ва хIурмат гьабизе.

ЦIалдохъабаз рекIехъе рикIкIана Дагъистаналъул халкъияв хъвадарухъан Расул ХIамзатовасул «Авар мацI» абураб кечI. «Метер магIарул мацI хвезе батани, хваги дун жакъаго, жаниб ракI квагьун» абурал машгьурал рагIабаздалъун лъугIизе тана авар мацI кIодо гьабураб тадбир.

**Бика ГъазихIмаева**

ЛЪАДАРИ

## ТIокIлъиялъул меседил гIаламат щваразе вузазде лъугьунаго бигьалъаби

### Гумбет районалда тIобитIана цIалдохъабазда гьоркьоб ГТОялъул фестиваль

**8-19 февралалда Гумбет районалда тIобитIана ТIолгороссиялъул физкультураялъулгун спортивияб «ГТО» комплексалъул лъабабилеб муниципалияб фестиваль. Гьелда гIахьаллъана районалъул гIаммаб лъайкьеялъул школазул цIалдохъаби.**

Заместитель НурухIма МухIамадовас бицана тIадегIанаб цIалул заведениязде цIализе лъугьунаго, ТIолгороссиялъул физкультураялъулгун спорталъул комплексалъул тIокIлъиялъул меседил гIаламат ва гьелъул удостоверение бугев абитуриентасе, тIадеги баллал щвезе ругин. ТIадеги



Къецал гIуцIана «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъ.

Районалъул школлъималаз тIуразаруна, чIезабураб низамалда рекъон, ГТОялъул нормативал. Фестивалалда гIахьаллъана 100 цIалдохъан, гьездасан 78 цIалдохъан 11 классалъул.

Райадминистрациялъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулесул кьолел баллазул къадар чIезабула цIалул заведениялъ. ТIокIлъиялъул меседил гIаламат щварасе кьезе рес буго, РФялъул лъайкьеялъул ва гIелмуялъул Министерствалъ чIезабураб низамалда рекъон, стипендиялъул цIикIкIараб къадар.

Къецазул хIасилазухъ балагьун, гIуцIулеб буго, МахIачхъалаялда республикаялъулаб хасалил фестивалалда гIахьаллъизе Гумбет районалъул тIаса бищараб команда.

**«Гумбет» РИО**

ШИГIРИЯБ ДАПТАР

# «ТIохмагIарде вуго даим харулев...»

**Хъвадарухъан ва публицист ХIамзат ГIизудиновасул асаразул сордо тIобитIана МахIачхъалаялда Поэзиялъул театралда**

**2018 соналъул 21 февралалда МахIачхъалаялда тIобитIана магIарулазул хъвадарухъан ва журналист, Россиялъул Хъвадарухъабазул союзалъул член ХIамзат ГIизудиновасул «Дир шигIрияб даптар» абураб литературияб дандельи.**

Гьеб тадбиралда гIахьаллъана Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъул нухмалъулев, халкъияв шагIир МухIамад АхIмадов, «Гьудулльи» журналалъул редактор, Дагъистаналъул хъвадарухъабазул союзалъул аваразул адабияталъул секциялъул нухмалъулев МухIамад ПатахIов, Россиялъул ГIелмабазул академиялъул Дагъистаналъул ГIелмияб централъул МацIазул, адабияталъул ва искусствоялъул институталъул нухмалъулев, филологиял гIелмабазул доктор Ибрагьимил МухIамад ва гьебго институталъул цIехрехазул отделалъул нухмалъулев, филологиял гIелмабазул кандидат ГIабдулкъадирил МухIамад ва цогидалги.

Литературияб тадбиралда ХIамзат ГIизудиновас цIалана жиндирго цIиял асарал ва жиндие асар гьабурал магIарул шагIирзабазул мухъал.

Бакъульулазул мухъалъул нухмалъулесул гIакълъучи АхIмад Сулаймановас ХIамзат ГIизудиновасда баркана творческияб сордо ва кьуна гьесие сайигъат.

Гьеб данделъиялда кIалъазе рахъана аваразул машгьурал шагIирзаби, маданияталъул ва жамгIиял хIаркатчагIи.

Гьединго ХIамзат ГIизудиновасул асарал рикIкIана Мелъелтlа гьоркьохъеб школалъул микьабилеб классалъул цIалдохъан Макка Аххубеговалъ ва цогидазги. Бакълъулазул мухъалъул маданияталъул ва туризмалъул идараялъул бетIер Рамазан МухIамадовасги гьарана хъвадарухъанасе лъикIабщинаб. Сценаялдасан гьединго цере рахьана ХIамзат ГIизудиновасул росуцоял «Шанс» фирмаялъул генералияв директор Халипа Халипаев, Гьарадирихъ гьоркьохъеб школалъул щуабилеб классалъул цIалдохъан Сияна ГIалихIажиева ва цогидалги.

ДандчIваялъул ахиралда ХIамзат ГIизудиновас кIудияб баркала загьир гьабуна гьеб тадбиралда гIахьаллъаралщиназе.

«Гумбет» басмаялъул гьаб номералда рахъулел руго ХIамзат ГIизудиновасул цо-цо цIиял асарал.



**ГIабдулхIамид ГIабдулкъадиров, Гебек Гебеков**

# Лъимерлъи бачIуна дихъе нахъбуссун...

**(Мухъазул рахас)**

**1.**

Лъимерлъи бачIуна дихъе нахъбуссун,
Росдал свериялде вуссараб мехалъ.
Хасалил гьуриялъ гьанжеги дихъе
Араб гIасруялъул сонал хъамуна.

...Харинир чангъазда хъещтIолел лъимал,
ТIад цIорол гьат къарал гIисинал кверал,
Квачаялъ рухIулел гьел ругониги,
ГIазда расандиялъ бикьулеб рохел.

**2.**

Лъимерлъи. Дол соназда кIудияб букIана Ракь.
Лъимерлъи. Дол соназда гIазу гIемер балаан.
Лъимерлъи. Дол соназда кIудияб букIана ракI,
КIудияб дунялалде гали тIамулеб рогьел.

РакIалдаса унаро кIодол кинидахъ назму,
РакIалдас унаро кIодоца бачунеб ахх.

**3.**

МагIарул некIсияб минаялъ кьуна
МагIарул тарбия дие гIумрудулъ.
Дир кIодол инсуца эхетараб ригь
Нусго соналъ росдал сверулъ букIана.

РекIкIарал ганчIазул тIохил рагIаллъи,
ТIад михир бачунеб цIан битIараб тIох.
ГIор гъун босун бачIун, тIаса бищараб
Рихьи-цIулалъ тIадчIун къачIарал рукъзал.

Дур рагьида кигIан дун васандарав,
Дур гордухъ гIодов чIун, чан тIехь цIалараб,
Басрияб, некIсияб умумузул ригь
Ана тарихалде, гьечIо гьанже мун...

Амма макьабалъ мун даим бихьула,
Дур рукъзал кьойилго цере тIамула,
Кьо-асс тIадегIанал анкьумумузул
Кьварарал ракIазул кIутIи рагIула.

### Шамил имамасул цIар

Кавказалъул бахIарчи,
Исламалъул багьадур,
Авар миллаталъул Чи,
РитIухълъиялъул буцур.

Дуца дуниялалда
Дагъистан лъазабуна.
Дуца махлукъаталда
Къадру щибан бицана.

Шамил имам, дур цIаралъ
ЦIунун руго жакъаги
Дур халкъги дур Кавказги,
ЦIунила жеги думалъ.

**ТIохмагIарде вуго даим харулев...**

МугIрул руго гIемер макьилъ рихьулел,
ГIурччинаб ихдалил ретIел ретIарал;
ТIалда тIегь тIегьалел кьурул парсахъан
ТIохмагIарде вуго даим харулев.

### Инсул яц

Нусилъе сонал щолей дир инсул яц ПатIимат,
ГьитIинаб лъимер гIадин, яцIцIалъун йигей куц мун.
Унтабаца кIвекIулей, ракI, бакъ гIадин, гвангъа рай,
Рагьидул гордухъ чIун мун йигоан, дихъ ялагьун.

Гьаб гIумрудул сапараз ахIун хех унев дида
Дуца рагIи абичIо, гIицIго зикру бачана.
Нахъ валагьарав дида, добго рагьидул гордухъ
Дида хадуй ялагьун йикьана мун, инсул яц...

### ЦIудул хIули

ТIохмугIрул рагIалда хIули батана,
МугIрул цIумалъ дий гьеб хIалал гьабуна:
– ХIурупаз ракIазуль асар лъоледухъ
Хъвайин гьалъ назмаби, аль-Гьарадирихъ.

ГIорхъи гьечIеб рохел каранлъги тIирщун,
Кодобе босана меседил хIули.
ХIасратго абуна гьелъ дида ахIун:
– ХIакъаб шигIруялда лъаларо хIели!

ГIОЛОХЪАНЛЪИ АБУЛА...

# ЦIа свинабиялъул № 45 идараялъ тIоцебесеб бакI ккуна торгIо хIаялъе

**Лаваша районалъул централда тIоритIана Дагъистаналъул МЧСалъул мугIрузул зоналъул цIа свинабиялъул хъулухъазда гьоркьор торгIо хIаялъул къецал. Гьениб гIахьаллъи гьабуна Гумбет районалъул цIа свинабиялъул № 45 идараялъул торгIо хIалезул командаялъги.**

Къецазда тIоцебесеб бакI ккуна бакълъулазул командаялъ. Гьединал къецаз кумек гьабула коллектив гъункизе, церечIарал масъалаби тIуразариялъе ва мурадалде щвеялъе гIоло къеркьезе гьирачилъи цIикIкIине. ХIалтIулъ бажари, коллективалда жавабчилъи борхизе кумекги гьабула.

«Къецазда киналго гIолохъабаз бихьизабуна лъикIаб хIадурлъи, физическияб рахъалъ лъадари щун букIин, къохIехьей, бергьенлъи босизе гьирачилъи. Россиялъул МЧСалъул Дагъистан Республикаялда бугеб бетIераб управлениялъул нухмалъулев Нариман КазимухIамадовасул буюрухъалда рекъон, къецазул финалияб бутIа МахIачхъала шагьаралда тIобитIизе буго», - ян абуна Гумбеталда бугеб цIа свинабиялъул № 45 идараялъул нухмалъулев МухтарахIмад АхIмадовас.



**Макка МухIамадова**

2018 СОНАЛЪУЛ 18 МАРТ – РОССИЯЛЪУЛ ПРЕЗИДЕНТ ВИЩУЛЕБ КЪО

# Библиотекаялда выставка гIуцIана

**Гумбет районалъул централияб библиотекаялъул гIадамазе хъулухъ гьабулеб отделалъ, Россиялъул президент вищулеб къоялде хIадурлъулаго, гIуцIун буго выставка. Гьенир лъун руго Россиялъул Федерациялъул закон, кодексал ругел тIахьал, нильер пачалихъалъул гимн ва цогидабги.**

**Къурмагъиз ХIадисова**

ГIАКIА АХIУЛЕБ БУГО

## Судалъул хIукму букIаницан абураб справка

### ОМВДялъ лъазабулеб буго

**Россиялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб отделалъ кьола чиясул судалъул хIукму буго яги гьечIо абураб справка.**

Гьеб щвезе ккани рачIине ккола ОМВДялде, цадахъ паспортги босун, яги гIарза битIизе бегьула интернеталдасан. Гьелъул кIудияб квегIенлъи буго чиясе рокъосан битIизе бегьула гIарза.

Электроннияб къагIидаялъ гIарза битIизе ккани лъазе ккола портал «Госуслуги» хIалтIизабизе. ТIоцебесеб иргаялда регистрация гьабизе ккола пачалихъияб хъулухъалъул порталалда РФялъул www.gosuslugi.ru, хадур раккизе ккола «официальный сайт» абураб бакIалде жанире, гьенисан бищула нилъеего къвариглараб бутIа ва гьениб гIарзаялъул хасаб форма цIезабула.

Хасаб форма цIезабулаго, гьелда жаниб лъезе ккола регьечIого хъвазе кколел сведениял (ИНН, ФИО, СНИЛС, гьавураб къо-моцI ва гь. ц.), цинги гьесухъе бачIуна код, жиндир кумекалдалъун рес кьолеб пачалихъияб хъулухъалъул порталалда жанире лъугьине.

Гьеб порталалдасан рес буго халкъалъул гIицIго судалъул хIукму буго яги гьечIо абураб справка гуребги, гIемерал батIи-батIиял хъулухъал тIуразе. Дагъистаналъул жанисел ишазул министерствоялъул хасаб интернет-сайталда буго цойги къотIел «Госуслуги, оказываемые гражданам», жинда жаниб ОМВДялъ тIурарал хъулухъазе гIадамаз электронниияб къагIидаялъ къимат кьезе бегьулеб.

Порталалдасан хъулухъ тIубаялъулъ буго цойги тIокIлъи, гIадатияб къагIидаялда гIарза къуни, гIарза кьураб къоялдаса справка щвезе бала 30 къо, порталалдасан гьеб щвезе рес буго 15 къоялда жаниб.

ГIадамал къабул гьаризе чIезабун буго гьадинаб заман:

БичIчIинчIеб суал ккани кIалъазе бегьула гьал номераздe: 99-69-13, (8963-414-07-99).

| График приема граждан | Наименование органа внутренних дел | Адрес | Телефон |
|---|---|---|---|
| Пн 09:00- 18:00<br>Вт 09:00-18:00<br>Чт 09:00- 18:00<br>Ср 15:00-18:00<br>Пт 09:00-18:00<br>Сб 09:00-18:00<br>**Обед - с 12:30 до 14:00**<br>**Вых. - воскресенье** | ОМВД России по Гумбетовскому району | с. Мехельта Гумбетовского района | Инспектор АПиК 99-69-13 |

**Зулпар МухIамадов, Россиялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб отделалъул нухмалъулесул ишал тIуразарулев, полициялъул капитан**

СОЦИАЛЬНАЯ ПОЛИТИКА

## МФЦ Дагестана организует, на базе центров госуслуг, «Бюро находок»

**Объявления об утере документов одни из самых частых. Информацию о том, что человек потерял паспорт, водительское удостоверение или другой документ, встречается ежедневно. За помощью в таких случаях люди чаще всего обращаются в социальные сети. Свою помощь жителям республики теперь предлагают и многофункциональные центры. На площадках МФЦ организованы «Бюро находок». Сюда можно будет принести утерянный или забытый кем-то документ.**

Прием находок будут вести администраторы центров. Поиск потенциальных владельцев будет проходить по базе данных МФЦ, на основе данных утерянного документа. В случае нахождения полного или частичного соответствия данных, документ будет занесен в базу утерянных документов. Предполагаемого владельца документа оповестят о находке по всем найденным контактам.

Услуга оказывается бесплатно во всех многофункциональных центрах республики.

**МФЦ**

КЪАБУЛЕБ БУГО ЦIУМУР

## ГIурус мацIалъул хIалбихьиялъул экзамен

**14 февралалда ЛъаратIа гьоркьохъеб школалда тIобитIана, Краснодаралъул лъайкьеялъул хIалтIул хIалбихьиялъул къучIалда, республикаялда тIоцебесеб нухалъ тIобитIулеб, ичIабилеб классалъул цIалдохъабазул гIурус мацIалъул хIалбихьиялъул экзамен.**

ХIасилал гьаризе экзаменалъул материал битIана Дагъистаналъул лъайкьей цебетIезабиялъул институталде, - ян абуна районалъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIмановас.

Гьединал хIалбихьиялъул экзаменал тIоритIизе руго районалъул киналго школазул 9 классазда. Лъайкьеялъул отделалъ планалде босун буго ЕГЭялде ва ОГЭялде цIалдохъаби хIадур гьари мурадалда киналго экзаменал кьолел предметазул хIалбихьиялъул экзаменал тIоритIизе.

**ГIайшат Исламбиева**

РОХЬИЛ КЪИСА

# Рохьал цIа ккеялдаса ва бикъа-хъамиялдаса цIуни - щивасул налъи

**Нилъер пачалихъалъул халкъияб бечелъилъун ва цIакъго къиматаб хазиналъун ккола рохьал.**



Халкъияб магIишаталъеги тIолабго тIабигIаталъеги буго рохьазул бергьун кIудияб кIвар, щайгурелъул рохьаз ракь цIунула ччукIелаздаса, бихьахочун иналдаса, кIудияб квербакъи гьабула ракьулъ регьел цIуниялъе, иццазул, лъаразулгун гIоразул ва хIатта ралъадазулги лъим цIикIкIинабиялъе. Гьелдаго цадахъ бацIцIад гьабула инсанасги щибаб рухIчIаголъиялъги гIумру гьабиялъе бищунго чара гьечIого хIажатаб гьава. Гьединго рохьоб гIумру гьабула батIи-батIиял ва рикIкIен гIемерал гIалхул хIайваназ, хIинчI-гъедоялъ ва цогидалги рухIчIаголъабаз. Узухъда, гьелги ккола улкаялъулги халкъалъулги бечелъилъунги нахърателалъулаб хазиналъунги.

БалъголъилъункколаРо, рохьал гьечIони, мина-рукъалъеги цогидал хIажалъабазеги цIулги букIунареблъи.

Болъихъ лесничествоялда ругел ГIахьвахъ, Болъихъ ва Гумбет районал рохьазул рахъалъан мискинал руго. Гьединлъидал гьоркьоса къотIичIеб ва къойилаб кIвар кьезе ккола районазул, росабазул тIолалго гIадамазги щивав бичIчIи бугевщинав чиясги рохьал цIа ккеялдаса, бикъа-хъамиялдаса цIуниялде, гIезариялде, цIикIкIинариялде.

Жиндир гъалатIалдалъун рохьоб цIа кkани, гьев чи уголовнияб жавабчилъиялде цIала ва рохьалъе ккараб зарал, кинабго гьениб цIа свинабулаго ккарал харжал, гьев чиясда тIад лъола.

ЦIа рохьил тущман буго, цIаялъ рохьалъе кIудияб зарал гьабула, гIисинал гъутIби, рохьор рукIунел рухIчIаголъаби рухIула ва гьединго гьоркьогьоркьор чIахIиял гъутIбиги рухIула.

Гьединлъидал газета гьоркьоб ккун, лесничествоялъул нухмалъулез ва хIалтIухъабаз кутакалда гьарулеб буго, районазул ва росабазул бутIрузда, жамагIаталда гIадамазда гьоркьоб бичIчIи кьеялъул хIалтIи гьабеян. Рохьоб цIа ккеялдаса цIодорго рукIаян.

Болъихъ лесничествоялда цIаялдаса хIинкъи бугеб заманлъун чIезабун буго тIоцебесеб апрелалдаса 30 ноябралде щвезегIан заман.

Рохьоб кIкIуй ва цIа бихьарав чияс росдал, районалъул администрациялда ва рохьил хIалтIухъабазда хехго лъазабизе ккола.

Рохьал бикъа-хъамиялъул рахъалъ абуни, цо кубометр ихтияр гьечIого рохьоб цIул къотIани, бахъизе бихьизабун буго 31600 гъурущ.

**М. МухIамадхIажиев, «Ботлихское лесничество» ГКУялъул нухмалъулесул заместитель**

ВРЕМЕНА И ДОРОГИ

## Оперативно - профилактическое мероприятие «Контроль трезвости»

**Одним из самых грубых нарушений Правил дорожного движения является управление транспортным средством в состоянии опьянения. Данный вид нарушения приводит к тяжелым, а иногда и непоправимым последствиям при дорожно-транспортных происшествиях.**

В целях активизации работы по профилактике дорожно-транспортных происшествий, отделом ГИБДД ОМВД России по Гумбетовскому району 19.02.2017 года по 25.02.20г. на территории района проводилось оперативно-профилактическое мероприятие «Контроль трезвости», с целью профилактики грубых нарушений ПДД РФ, связанных с управлением транспортным средствами водителями, находящимися в состоянии опьянения (алкогольного, наркотического).

В рамках данного мероприятия проводились массовые (тотальные) проверки водителей транспортных средств, на предмет выявления признаков опьянения.

**Зулпар Магомедов, и.о. начальника ОМВД России по Гумбетовскому району, капитан полиции**


БетIерав редактор ХIамзат ГIизудинов телефон: 26-254 Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь Къурмагъиз ХIадисова Корреспондентал: ГIайшат Исламбиева, Хадижат Мазгарова, Макка МухIамадова Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова Верстка: Рапият Зулумханова Газета кьабуна «Лотос» типографиялда Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351 Тираж - 1090 Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00 Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144


Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.